Дзэм щыдаш пІалъэр еух

2-нэ нап.

Кавказым уэркъ хабзэр къызэрыщежьар

3-нэ нап.

Псыдзэм дыщІихьыр

5-нэ нап.

Насып мыкІуэщІыр уи Іэпэгъуну

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№79 (24.517) ● 2023 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 4 гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

«Къэбэрдей-Балъкъэр - 2023»

4-нэ нап.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ

Зэрыздэлажьэнум къыпащэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекэр Сбербанкым и Илпщэ-Къуэхьэпі банкым и унафэщІ Песенников Анатолий-рэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ зэхуэзащ. Аэрэ тепсэлъыхьащ я зэдэлэжьныгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм. Зи гугъу ящІахэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицІэ зэфІэкІ хъарзынэхэр зэриІэр, лизинг проектхэр, бжыгъэхэр зи гъэбжьэ зыужьыныгъэр.

«АХЬШЭР Іэрылъхьэншэу зегъэкІуэным зиужьыныжьКІэ республикэр жыджэру долажьэ Сбербанкым. Транспортым, ЖКХ-м, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, апхуэдэуи къалэхэмрэ кІуэжьхэмрэ ящыщ хьэпшыпхэм, Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр щыщІатКІэ нэхъыбэу къаГъэсэбэпыр я Іэмалырщ. Ухуэныгъэ Іэнатіэр ипэкІэ зыгъэкІуатэу мыхьэнэшхуэ зиІэщ хуэдэчых ипотекэ программэхэр. Апхуэдэу банкым дежьІгъ туризмэм, промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм къыщыхалъхьэ инвестицІ проектхэр, республикэм щыпсэу зхэрычътыщІэ куэдми цІыху щхьэхуэхэм я нэхъыбэми абы и Іуэхутхьэбзэхэр жыджэру къагъэсэбэп. ЩЫналъэми абы и цІыхухэми я фейдэ зыхэлъ зэдзэлэжьныгъэм адэкІи къыпытщэнущ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Мы илъэсым и апэ мазиплІым къриубыдэу хуэдэчых зиІэ ипотекэ программищІэ сом мелуан 364-рэ къаІэрыхьащ. 2022 гъэм щыналъэм щыІэ хьэрычэт Іуэху цІыкІумрэ курытымрэ кредит ахъшэу ираташ сом меларди 6,7-рэ. Промышленнэ, мэкъумэш проектхэр дэЗыгъэным хуэунэтІауэ къэрал дэЗэпыкъныгъэкІэ хуэдэчых зиІэ кредит программэхэмкІэ Іуэхущ1апІэхэм хуаутІыпщащ сом меларди 2,5-рэ.

«Мы илъэсым ди мурадщ мэкъумэш проектышхуэ зыбжанэ щІыналъэм щедгъэжьэну, ухуакІуэхэм, хьэрычэтыщІэхэм защІэдгъэкъэунущ, туризмэм, узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм, апхуэдэу хьэрычэтыщІэ Іуэху цІыкІум зегъэужьныкІэ дэЗэпыкъуэгъэ къэрал дэЗэпыкъныгъэкІэ хуэдэ зиІэ кредит программэхэмкІэ Іуэхущ1апІэхэм хуаутІыпщащ сом меларди 2,5-рэ.

«Мы илъэсым ди мурадщ мэкъумэш проектышхуэ зыбжанэ щІыналъэм щедгъэжьэну, ухуакІуэхэм, хьэрычэтыщІэхэм защІэдгъэкъэунущ, туризмэм, узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм, апхуэдэу хьэрычэтыщІэ Іуэху цІыкІум зегъэужьныкІэ дэЗэпыкъуэгъэ къэрал дэЗэпыкъныгъэкІэ хуэдэчых

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ щытыкIэ щхьэхуэ щыгъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2023 гъэм мэкъуауэрыгъуэм и 27-м **Налшык къалэ №128-ПП**

«МафIэс шынагъуэншагъэм и Iуэхукlэ» 1994 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдэкIа Федеральнэ закон №69-ФЗ-м и 30-нэ статьям, Урысей Федерацэм мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ щыIэ щытыкIэм и Хабзэхэу 2020 гъэм фокIадэм и 16-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №1479-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ мафIэс шынагъуэншагъэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №40-РЗ-уэ 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къыдэкIам и 9-нэ статьям япкъ иткIи дунейр къыззырызэIыхьэм (гъущ, хуабэ, жьапщ щытыкIэм) и зэранкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафIэсхэр къыщыхъунымкIэ щыIэ шынагъуэм хэхъуэну зэрыхуагъэфащэм, абы къыдэкIуэ мафIэсхэр къэхъунымкIэ щыIэ шынагъуэр щхьэщхьэм зэрыхуэфим къыхэкIыу, апхуэдизуи республикэм и щыхухэмрэ щIыналъэмрэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм щахъумэн мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ щытыкIэ щхьэхуэ щыгъэувын 2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ фокIадэм и 15-м нэсыу.

2. Муниципальнэ районхэмрэ кIалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм яхуэгъэзэгъуэн:

а) щIыхуэр щыпсэу щIыпIэхэм я гъунапкъэхэм я щIыкIэ зэфIэувэ щытыкIэр зыхуэдэм ельытауэ мафIэсхэр къыщымыгъэхъуным икIи абыхэм земыгъэубгъуным теухуа лэжьигъэм щIыхуэр хащэнкIэ къыззрагъэпэщынэу;

б) къыззрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъуным икIи абыхэм кърикIуэхэр гъэкIуэдыжыным хуэгъэзауэ зыуэ щыт къэрал системэм и щIыналъэ системэ къуэдзэм и Iэнатlэхэм я къарухэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ я гъэхъэзырыну;

в) мэкъумэш щащIэ щIыхэм, жьалгъуэхэм, нэгъуэщI щы пIуэжьыгъуэ-хэм, абыхэм къадэкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэз фондым ищIхэм егъэщIынла щIыпIэхэм мафIэ щащIу, удз гъуэхэр щагъэсу, апхуэдизу щIыхуэр мэзым щIыхьэну хуит ямыщIыну;

г) гъавэр Iухьжьынымрэ егъэщIынла лэжьигъэхэр щекIуэкI лъэхъэнэм мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным гупытIэ щIхьэхуэ хуащIыну;

д) мафIэс шынагъуэншагъэм и хабзэхэр ягъэзэщIэн зэрыхуейр икIи мэзхэм къыщыхъу мафIэсхэм екъэлIауэ зэфIэувэ щытыкIэр зыхуэдэр щIыхуэр я лэжьыбзэр щIэныгъэ зэрыгъэзэрыгъэнымкIэ и Iэужьхэр гъэкIуэдыжьынымкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ Управленэ нэхъыщхьэм щытыкIэ ткIийхэмкIэ и центрым (8662)74-06-05 телефонымкIэ икIэщIыпIэкIэ хъыбар иригъэщIэну икIи мафIэсэр гъэдэкIыныгъэмкIэ Iуэху пIэщагъэхэр зэфIигъэкIыну.

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*I
МУСУКОВ Алий.

Дунейм щыхьибархэр

Хэхъуэр къэралым кIэнэжь

Къухьэпlэ къэралхэм Урысейм къыхуаIа мурадыр - и экономикэм и лъабжьэр гъэстIэсхъэныр - къайхъулIакъым. Урысей Федерацэм зи хъэрычэтщIэныр къыщызыгъэувыIа компаниехэм я пIэхэм псынщIэ дыдэу иуващ ди къэралым и Iуэхущапlэхэр.

«ЩIТЫКIЭР сыт хуэдэу къемыкIуэкIами, зыми япэдубыдакъым я лэжьыгъэр ди къэралым къыщызэтрагъуевыIэну, дэтхэнэми хуитыныгъэ иIащ хэдэну, - жиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир. - Урысейм къыщIигъэкI хъэпшыпхэмкIэ хаха къэрал компаниехэм япеуэфынущ. Зи щIыбыр къытхуэзыгъэза Iуэхукlапlэхэм сом триллиони 2 къыщыблэжьыфын Iэнатlэхэр къызэранэкIащ. Урысей хъэрычэтыщIэкэр щIольэIу ахэр къэралым къудмыгъэхьэжьну, ауэ къэзыгъэзэжьну хуейхэм ди бжэр яхуэзIухащ».

Президентым къызэрыхигъащамкIэ, УФ-м и щIыналъэм зи лэжьыгъэр къыщызэтезыгъэувыIа Iуэхукlапlэхэр зыщыщ къэралхэм я унафэщIхэм къызэрытракъуэзм пэмыльэщыфаэу аращ. Апхуэдизу щытми, я зэран къыдэкIыщауэ пхужьIэнукъым, а Iуэхум наIуэ къыщIащ ди къэралым и зэфIэкIхэр здынэсыр. Хамэ къэрал компание къудым я хэпшыпхэр Урысейм къыщыщIагъэкIырт, абы къыхэкIыуи лэжьыгъэр зэпыуакъым, продукцэм и фIэщыгъэр ихъуэжауэ аркъудейщ. Иджы а хъэрычэтыщIэ Iуэхукъм къэпкIуэ хахъуэр псори къэралым къонэж.

Бадзэуэгъуэм и 4, *гъубж*

✦1766 гъэм къалъхуащ убыххэм я дзэпщ цIэрыIуэу щыта, Кавказ зауэм и лIыхъужь **Бэрзэдж Дэгумыкъуэ Хьэжы-Исмэхьил.**

✦1820 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Къэбард.**

✦1967 гъэм къалъхуащ тележурналист **Жэман Мадинэ.**

✦1975 гъэм къалъхуащ дунейм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион **Бажэ Заудин.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытыну. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 5, *бэрэжьей*

✦1957 гъэм Налшык Лениным и фэеплъ къыщызэIуахащ.

✦1663 гъэм къалъхуащ Къэбэрдейм и пщы уэлий, Кьэнжал зауэм текIуэныгъэр къыщызыхьа адыгэдзэм и пашэу щыта **Хьэтlохъущокъуэ Кургъуокъуэ.**

✦1900 гъэм къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Абыкъу Хъалиц.**

✦1930 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд.**

✦1941 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Даут Юрэ.**

✦1946 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Алий Сулейманэ.**

✦1963 гъэм къалъхуащ КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутат, «Абазашта» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Къул Фирдаус.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытыну. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 23-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ПцIыр Iуданэ хужькIэ дытащ.

ЛъэIум гъуэгу егъуэт

Иужьрей зэманым ди республикэм и къалхэмрэ щIыналъэхэмрэ гупытIэ хэха щагъэуту хуежьащ щIыпIэхэр зэIуэзэпэщ щIыным теухуауэ жылагъуэдзэхэм къабгъащI лъэIуэмрэ Iуэху епIыкIэхэмрэ.

АПХУЭДЭУ, щIыхуэм я лъэIукIэ зэIуэзэпэщ ящIынущ Зеикъуэ къуажэм дэт поликлиникэм и Iэгъуэблагъэ, метр зэбгъуэзанатIэ 800 зи инагъыр «Къалэхэм я тепльэр иджырей мардэхэм тебгъуэфIакIуэн» лъэпкъ пэхуэщIэм хиубыдэж. А щIыпIэр куэд щIауэ зыхуей зэрыхуэмызыгъэм жылагъуэм дэсхэр гугъу иригъэхьырт. Иджы куэд мыщIэу абдеж щаухъунущ уэздыгъэхэмкIэ къэгъэнэху, щхьэантIагъэхэмрэ удз гъэгъакъэмрэ, тетIысхьэпIэ дахэхэр зэрыт лъэс зекIуэнIэ, щIыхуэм хуиту зыщагъэнсэхун, къыщакIуэхьын хуэдэу. Мы зэманым Iэхуэр ябубыдащ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр къыщрахьэлIэнущ Къулъкъужьи Ищхьэрэ къуажэм дэт курут ефджанIэ №93-м и Iэхэлъэхэми: лъэс лъагъуэ яухуэнущ, ихъуреягъыр ягъэдэхэнущ.

Бахъсэн хуажэм щыпсэу щыхуабэм и лъэIукIэ Утнич и щIэр зэзыхъэ уэрамым щыпсэфIакIэкIащ щIыхуэм щынагъуэншэу къыщакIыхьыным ехьэлIа лэжьыгъэ щхьэхуэхэр.

ЩIыналъэм и Iуэхуэр зэзыгъакIуэ центрым и лэжьакIуэхэм я лъэIур щыпIэ администрацэм икIащIыпIэкIэ Iэрагъэхьащ. Абы иужькIэ IэщагъэлIэр а щыпIэм кIуэри Iуэхум зыщагъэгъэзащ икIи абы зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр кърахьэлIащ. транспортым и хабзэкIэ щагъэзыгъэ щIыпIэ хэIэтыкIахэр ягъэуващ, зэпрыкIыпIащ Iэнэхуэ куэщIащ, Iуэгу дамыгъэхэр ягъэуващ. Иджы псоми а щIыпIэм хуиту къыщакIухь хъунущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Дзэм щыдаш пIалъэр еух

Хъыбарегъащ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм къалъщIащ КъБР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрийрэ зэрызэраухьилъ щыкIэм тету дзэм дашхэм я дэфтэрхэм щыхэпльэ Iуэхущапlэм и унафэщI Дмитриев Виталийрэ.

КОМИССАРЫР щыхьэт зэрытехьэмкIэ, дзэм зи дэшыгъэуэ ираджвэжэр къулькъу щрахьэкIыну щIыпIэхэм пщIэ щIамыту нашэс, гъуэгум гъуэмылэкIэ къыщызэрагъэпэщ, здынэсам гъэмахуэ-щIымахуэ фащэхэмкIэ щахуапэ, маху эм щэ щагъашхэ.

Адрей илъэсхэми хуэдэу, мыгъэрей гъатхэ-гъэмахуэ Iуэхугъуэри мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 15 пщIондэ йокIуэкI. Ди республикэм щыщу а щIыкIэм тету дзэм хашэхэм я бжыгъэр, къыхуагъэува мардэм тетщ.

Иджырей дэшыгъуэм хэхуахэр хьэуа-десантыдзэм, лъэсрыкIуэдзэм, кхъуныдзэм (флот), пъэпкъ гвардием хагъэхьэ.

Курыт ефджанIэр хэзыухъуэм ящыщу зи ныбжьыр илъэс 18 хъуахэр жэпэгъэуэм и 1 пщIондэ армэм ираджвэжэкъым. ЕфджанIэ нэхъыщхьэ е Iэщlагъэ хэха щыгъэгъэгъуэт колледжэм щIэтIысхьэхэр зэман пыухыкIакIэ (я еджэгъуэр яухыу) дзэм дашынэкъым.

Мыри кхъыгъэщIапхъэщ. Илъэс пIалъэкIэ армэм дашынуэр зауэ Iэнатlэм пэрагъуэзэнукъым, езыхэм я фIыгъыныгъэ халъхьэу абы щIэныгъэхьэзыр дерсэм пхамыгъэкIауэ. Апхуэдэхэри, зыхуагъэпсыну Iуэхум фIыуэ щыгъуазэ хуамыщIауэ, зэпэщIэувэныгъэ гуащIэ щеклуэкI щIыпIэхэм яшэнукъым.

Зэрызэраухьилъ щыкIэм тету дзэм къулькъу щезыхьэкIынухэм УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм абы теухуа зэгурыIуныгъэ иращIилIэ. Хабзэм тещIыхьа а дэфтэрым Iэщlадзыну хуитщ зи дакIыгъуэ армэм дашхэм, дзэм хэтауэ къыхэкIахэмэ, щIыхьэхэми, хамэ къэрал щIыщхэми. Контракт зращIылIэхэр къыхах къэралым и федеральнэ хабзэ №53-мрэ УФ-м и Президентым дзэм къулькъу щекъэжьныкIэ 1999 гъэм фокIадэм и 16-м къыдигъэкIа Унафэ №1237-мрэ япкъ иткIэ. Дзэм хэшэн гъэжьауэ а Iуэхум телажьэу, Налшык къалэм Идар Темрыкъуэ и цIэр зезыхь и уэрамым и 198-нэ унэм хэту хэщIапIэ щIэхэуэ къыззэрыщIэзрагъэпэщащ, республикэм щыщхэр екIуалIэ хъуэ. Нэхъыбэрэм апхуэдэ здэщыщIар Владикавказ и закъуэт.

Контрактым къыщыгъэлъэгъуа пIалъэр я нэхъ мащIэ дзэм щыпсэфыжьынымкIэ и министерствэм езым и фIэфIыныгъэкIэ гурыIуэгъэ зэ тыгъуэу сом мини 195-рэ къыIэрагъэхьэ, абыхэм ящыщу зауэ Iэнатlэ пэрыувэхэм мазэ къэс сом мин 204-рэ ират. КъинэмыщIауэ, езыралым рауэ зы илъэсщ, нэгъуэщIу жытIэмэ, апхуэдизщ е абы нэхъ нэхъыбэщ.

- ЗыхъумэжьныгъэмкIэ министерствэм езым и фIэфIыныгъэкIэ гурыIуэгъэ зэ тыгъуэу сом мини 195-рэ къыIэрагъэхьэ, абыхэм ящыщу зауэ Iэнатlэ пэрыувэхэм мазэ къэс сом мин 204-рэ ират. КъинэмыщIауэ, езыралым мыдрей и цIыхухэми хуэдэу, социальнэ Iуэхукlэ къыIьафгъэсыпхъэ псори хуахъумэнущ. Зи гугъу тщIы щIыкIэм тету дзэм хыхьэхэм я ныбжьыр илъэс 60-м щIигъу хъуныкъым, - къыхигъащащ Дмитриевым.

Къэралыр зэрыщыту къатщтэмэ, армэм контракт щыкIэм тету ираджвэжэм къыхуэзрагъэпэщ дзэр щаIыгъ хэщIапIэщIэхэр (частыщIэхэр), мыдрейхэр щыIэхэм трагъуэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзэ комиссарыр щыхьэт зэрытехьэмкIэ, республикэр къэтщтэнщи, гъэр зэрыщIидзэрэ езым я фIэфIныгъэ хэпIу дзэм къулькъу щезыхьэкIну зэгурыIуэныгъэ езыщIилахэм я бжыгъэр куэд хъуащ.

ЗэгурыIуэныгъэ зэрызэщIылIэ хъунум хуэгъэза хъыбархэр щыналъэ псоми щызэбгрезыгъэхьэр «ЦУР» (Центр управления регионом) фIэщыгъэр ирату 2022 гъэм дэнэкIи къыщызэрагъэпэща Iуэхущапlэхэрэ. Ар дыдэхэм Интернетым и напэкIуэцIхэм тхыгъэ пыщIащIэхэрэ, контракт щIыкIэм тету дзэм къулькъу зэрыщыпщIэнум теухуауэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Шэрджэс тхакIуэ Гъуэщокъуэ Хъусин къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу



Журналист, усакIуэ, зауэлI, цIыху щыпкъэ

Шэрджэс усыгъэ и лъабжьэр зыгъэтIылъэхэм ящыщ Гъуэщокъуэ Хъусин Хьэнахъуэ и къуэр 1913 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 2-м Хьэбзэ (Къэсейхьблэ) къуажэм щыпсэу мэкъумэшыщIэ унагъуэ тхьэмыщкIэм къыщалъхуащ. 1926 гъэм Адыгэ-Хьэблэ къуажэщIэр къэзыгъэхъуэхэм яхэтащ Гъуэщокъуэхэ я унагъуэр.

ИлъэсипщIым иту лIыщIэм щIидзащ Хъусин, и адэм и гъусэу Iэхъуэу щытащ. Хэт ищIэнт абы журналист, усакIуэ цIэрыIуэ къыхэкIыну?! 1927 гъэм и адэр щылIэм, илъэс 14-м ит щIалэ цIыкIум и пщэ кхыдэхащ унагъэр зыхуей хуигъэзэну икIи цы щIэзэIащ фабрикэм щыгъэлэжьну къащтащ. Абдеж машинист, токарь, слесарь Iэщlагъэхэр щызыIэригъэхьащ.

Совет, парт еджапIэхэм я курсхэр кIыуха нэужь, а фабрикэ дыдэм къигъэзэжри, комсомол ячейкэм и секретарь лэжьащ, итIанэ абы и комитетым и унафэщI къулыкъуэр къыхуагъэфащащ. Советыдзэм къикIыжа нэужь, комсомолым и обкомым къулыкъу щищIащ, 1938 гъэм «ГъащIэдэкIым и Бэракъ Пльыжь» орденхэр, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденитI, медаль пщIы бжыгъэкIэ къыхуагъэфэщащ, Сталинград кьалэ-лIыкъэжьыр бийм къыщыIэщIагъэкIыжам къигъэлъэгъуа хахуаныгъэм папщIэ дыщэ Iэпщэ сыхьэт къратащ. Апхуэдэуи Хъусин къыфIащащ «РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр (1978).

Гъэщокъуэ Хъусин хуэфащэ дыдэу йоджэ зэныбжьэгъугъэм и усакIуэкIэ. Сыту жыпIэмэ, абы и Iэдакъэщ-кIым увыпIэщхъуэ щебуды ди къэралышхуэм и зэкъуэш лъэпкъыбэм я зэныбжьэгъугъэр гъэлъэпIэныным. Абы и усэхэр бзэ зыбжанэкIэ зэрадзэкIауэ щыIуу щытащ Кавказ Ищхьэрэм, къэрал псом.

Къуэщокъуэр мызэ-мытIэу хагъэхьащ партым и Ставрополь крайкомым, Къэрэшей-Шэрджэс обкомым, крайсоветым, облсоветым я депутату щытащ.

Хъусин и зауэ, гъащIэдэкI лIыгъэр Хэкум гулъытэнэзу къигъэнакъым: абы къыхуагъэфэщащ «Хэку зауэшхуэ» орденым и япэ нагъыщэ, «Вагъуэ Пльыжь», «ЗэлI-зэфыщым щIыхь зэхуащIмэ - Ари лъагъунгъэщ. Зэш-зэшыпхъуэм ягу зэхуэфIмэ, Ари лъагъуныгъэщ.

Уэ уи Хэкум уигу хуэкъабзэ? - Ари лъагъуныгъэщ. Уи Iуэху псоми уэ уегугъумэ - Ари лъагъуныгъэщ.

Гум и хуабэр бэм лъыбгъэсмэ - Ари лъагъуныгъэщ. Уэ цIыхубэм ягу унэсмэ - Ари лъагъуныгъэщ.

Уигу етауэ щIым уелэжьмэ - Ари лъагъуныгъэщ. Уи ныбжьэгъум ухуэпэжмэ - Ари лъагъуныгъэщ.

Зыхуэфащэм пщIэ хуэпщIыфмэ - Ари лъагъуныгъэщ. ЦIыхухэм я гур къыпхуэзIэфIмэ - Ари лъагъуныгъэщ.

Лъагъуныгъэ - гу гъэхуабэщ, Ар - къару хэкIыпIэщ. Лъагъуныгъэр - гу гъэщабэщ, ГъащIэм и къежьапIэщ.

Уи сабийжэм ухуэщIыпкъэ? - Ари лъагъуныгъэщ. Мамыр гъащIэм ухуэсакъэрэ? - Ари лъагъуныгъэщ.

Уи сэбэп цIыхум ебгъэкIрэ? - Ари лъагъуныгъэщ.

Лъагъуныгъэм дыгъэм хуэдэу ГъащIэр тхуегъэкуэр Лъагъуныгъэр ди уэрэду Дэ долажь ди Iуэхур.

Арщ зыщIысыр лъагъуныгъэр - ЦIыхур зыгъэгушхуэщ. ИIэщ къару лъагъуныгъэм, Ар гъащIэ гъэдахэщ.

Усэхэр

ГЪУЭЩОКЪУЭ Хъусин

Адыгэ лIыжьым и псалъэ

Илъэс пщIей мэхъу си ныбжьыр,
Уэсым хуэдэу щхьэцри тхъуащ.
Ауэ жьыIуэщ зыкъ сыхъункIэ,
Иджыщ дуней щысльэгъуар.

ЦIыху зэIущIэм сахыхьамэ,
Жьыми щIэми щIыхь къысхуащI,
Хъер къаIэтми сымыхамэу
Жьыщхьэ махуэ сэ сихъуащ.

Сылэжьэну губгъуэм сихьэм,
Лэжьэн Iуэхукlи щытхъу къызохь,
Агрономыр къызбгъэдыхьэм,
Сэлам гуапэр сэ къызех.

Жыгъэм пылъым ар егъафIэр,
И бын цIыкIухэр анэм епI.
Ди сабийжэм, мес, еджапIэм
Пушкин ящIэу дэ къытхуапI.

ГъащIэдэкIым щытхъур иIэу
Ди лIыхъужьхэр япэм итщ,
Дыщэ вагъуэр бгъэм хэщIауэ
Я Iэнатlэхэм бгъэдэтщ.

Ящ1эн псоми, мес, ягъуэту
Ягу къыдэжу Iуэхуэм пылъщ,
Лэжьэн Iуэхум гур етауэ
Жьыри щIэри губгъуэм итщ.

Мэхъу ди гъащIэр нэхъ гуфIэгъуэ,
Щхьэж хуIэкIыр елэжьыф.
Сыт хэтсами дэ тхуобгъуэ,
ЛIыгъэ пхэлъмэ Iухьжьыф.

Адэм и ущие

ЦIыху акъылынышэщ ар, жомыгъэIэ,
Акъыли щэни уэ зигъэIэф,
Уагъэгубжьами шыIэ зигъэIэ,
Уэ сыт зэманм уи бзэр Iыгъыф.
ЦIыхум и щIыхьыр сыт къэзыIэтыр!
Быдэу зэгъащIэ: ар икъырарщ,
Пэжым и телъхьэу Iэщэр щIалэтыр - Сыт щIыгъуи жаIэр - цIыху щIыхьэр арщ.

Упсалъэ пфIэфIмэ, гупсыси псалъэ,
ИкIэкIэ мыхъуу, уи пэкIэ пльэ.
ЦIыхум и щIыхьыр уэ хьымыутэ,
ЦIыхум цIыхугъэ кIэлъызехьэф.
Хьэкъыншэ цIыхум игу умыкъутэ,
Къару зи мащIэм къару хэлъхьэф.
Гу зэIуэкIэ хэт фIым щIэбэнми,
Уи къару псомкIи дэIэпыкъуф.
Уи ныбжьэгъуфым пелуан къебэнми,
ЩIэхъуэпс текIуэным, мис ар нэхъыфIщ.
ФIы къызэхъулIэм уэ уемыфыгъуэ,
Гу зэIуэкIэ уэ ехъуэпсэф.
Умыхъу, си щIалэ, уэ былымаблэ,
ГъащIэдэкI хьерым гур щIэгъэхъуэпс.
Лэжьэн и Iуэхукlэ къыумыгъэлалэ,
Iуэхуу блэжь псори ирехъу гунэс.
Уи адэжь Хэкур уэ фIыуэ плъагъуу,
Къалэн къыпхуищIыр уэ гъэзэщIэф.
Сыт хуэдэ Iуэхуми фIыуэ уегугъу,
Бэм щIыхь къыпхуащIыуи псэуф.
Iуэху хьэлъэ гурым уэ хууэзаи,
Уи гур бгъэкIуэду уемытIысэх.
Уэ сыт хуэдизкIэ гугъу уемыхьами,
Утхьэусыхэу зэхомыгъэх,
ЛIыгъэ зыхэлъым и Iуэхури псынщIэщ,
Iуэху хьэлъэ псоми лIыгъэр токIуэф.
ПщIэну ухуеймэ, лIыгъэр гъунэнщэщ,
ЛIыгъэм и Iуэгурм утету кIуэф.

Сыт зищIысыр лъагъуныгъэр

«Сыт зищIысыр лъагъуныгъэр?» -
УпщIыгъэ зэхъэох.
ГъащIэ гъусэщ лъагъуныгъэр,
Хъункъым гъащIэм ар къыгуэпх.

Уи псэр пщащэм дихьэхамэ -
Мис ар лъагъуныгъэщ.
Пщащэм игури къепхьэхуамэ -
Ари лъагъуныгъэщ.

● Дзэ Iуэхуэр

Пльэпкъ Iущыгъэ

Дунейм щыхьибархэр

Хэхъуэр къэралым кIэнэжь

Къухьэпlэ къэралхэм Урысейм къыхуаIа мурадыр - и экономикэм и лъабжьэр гъэстIэсхъэныр - къайхъулIакъым. Урысей Федерацэм зи хъэрычэтщIэныр къыщызэтезыгъэувыIа компаниехэм я пIэхэм псынщIэ дыдэу иуващ ди къэралым и Iуэхущапlэхэр.

«ЩIТЫКIЭР сыт хуэдэу къемыкIуэкIами, зыми япэдубыдакъым я лэжьыгъэр ди къэралым къыщызэтрагъуевыIэну, дэтхэнэми хуитыныгъэ иIащ хэдэну, - жиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир. - Урысейм къыщIигъэкI хъэпшыпхэмкIэ хаха къэрал компаниехэм япеуэфынущ. Зи щIыбыр къытхуэзыгъэза Iуэхукlапlэхэм сом триллиони 2 къыщыблэжьыфын Iэнатlэхэр къызэранэкIащ. Урысей хъэрычэтыщIэкэр щIольэIу ахэр къэралым къудмыгъэхьэжьну, ауэ къэзыгъэзэжьну хуейхэм ди бжэр яхуэзIухащ».

Президентым къызэрыхигъащамкIэ, УФ-м и щIыналъэм зи лэжьыгъэр къыщызэтезыгъэувыIа Iуэхукlапlэхэр зыщыщ къэралхэм я унафэщIхэм къызэрытракъуэзм пэмыльэщыфаэу аращ. Апхуэдэу щытми, я зэран къыдэкIыщауэ пхужьIэнукъым, а Iуэхум наIуэ къыщIащ ди къэралым и зэфIэкIхэр здынэсыр. Хамэ къэрал компание къудым я хэпшыпхэр Урысейм къыщыщIагъэкIырт, абы къыхэкIыуи лэжьыгъэр зэпыуакъым, продукцэм и фIэщыгъэр ихъуэжауэ аркъудейщ. Иджы а хъэрычэтыщIэ Iуэхукъм къэпкIуэ хахуэр псори къэралым къонэж.

Бадзэуэгъуэм и 4, *гъубж*

✦1766 гъэм къалъхуащ убыххэм я дзэпщ цIэрыIуэу щыта, Кавказ зауэм и лIыхъужь **Бэрзэдж Дэгумыкъуэ Хьэжы-Исмэхьил.**

✦1820 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Къэбард.**

✦1967 гъэм къалъхуащ тележурналист **Жэман Мадинэ.**

✦1975 гъэм къалъхуащ дунейм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион **Бажэ Заудин.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытыну. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 5, *бэрэжьей*

✦1957 гъэм Налшык Лениным и фэеплъ къыщызэIуахащ.

✦1663 гъэм къалъхуащ Къэбэрдейм и пщы уэлий, Кьэнжал зауэм текIуэныгъэр къыщызыхьа адыгэдзэм и пашэу щыта **Хьэтlохъущокъуэ Кургъуокъуэ.**

✦1900 гъэм къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Абыкъу Хъалиц.**

✦1930 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд.**

✦1941 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Даут Юрэ.**

✦1946 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Алий Сулейманэ.**

✦1963 гъэм къалъхуащ КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутат, «Абазашта» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Къул Фирдаус.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытыну. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 23-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззщ.

Кавказым уэркъ хабзэр къызэрыщежьар

Абхъаз къэрал университетым лекцэ гъэщIэгъуэн щекIуэкIащ. Дыдзэрыт зэманым абы студентхэр щрегъаджэ Налшык щыщ тхыдэ щIэныгъэлI Мэрзей Аслъэнбэч. Абхъаз-адыгэхэмри, Кавказым щыпсэу адрей лъэпкъхэмри я гугъу ищIкIэрэ, уэркъ гъэсэныгъэр зыIэщIэбгъэкI мыхъуну хъугъэфIыгъуэу зэрыдиар, ар гува-щIэхами къызэраIэтыжынум шэч къызэрытримыхьэр ябгъэдилъхьащ егъэджакIуэм студентхэм.

«УЭРКЪЫГЪЭМ дытепсэлъыхьи ипэкIэ, а псалъэм кIыдгъэкIымкIэ дызэгурыIуапхъэщ, - жиIэри къыщIидзащ Аслъэнбэч и лекцэр. «Уэркъыгъэ хэлъщ» хужаIэ щIыхубэм щIыхэтым деж хьэл-щэн дахэ къэзыгъэлъагъуэ дэтхэнэ щIыхуми. Нобэ зи гугъу тщIынур нэгъущIащ. Ар кавказ щIыхубэм я зэхэтыкIэм лъабжьэ хуэхъуа, ныбжькIэ зэIэпахырэ къэрагъуракIуа дуней тетыкIэрщ-э.

Пасэрей лъэпкъыжьхэм я тхыдэм дриплъэжмэ, гу лъыдотэ щIыхубэм я гъащIэм кIэлъыплъхэр зэрызэщхьэщIыхам, Мэрзейм зэрыжиIэмкIэ. Псалъэм папщIэ, пасэрей Мысырым унафэр зэрыщIэзэрахьам и гугъу пщIымэ, тепщэ къалэнэр зыгъэзащIэр дин зезыхьэ духьэшыхэрт. Абыхэм я пщэ къыздэхуэрт цIыхухэмэ Тхьэмэрэ зэрызэпыщIа къуэпсэкIэ къамыгъэлалэу, тхьэхуэпщIыкIыкIэм, гуэныхь щIыгтэкIэм, духьэ щIыкIэхэм ирагъэсэну. Мэрзейм къызэрилытэмкIэ, тепщэр зэи щхьэхуитхьым. Унафэ ищIу пльагъу щхьэкIэ, абы и лъэбакъуэ къэс убзыхуащ, цIыхубэ гъащIэм мыхъумыщIагъэ гуэр къызэрыщхьэуу, и пщэпкIыр яубыдынущ.

Уэркъэр къапщтэмэ, абыхэм я къалэныр цIыхум къыдальхуэ хуитныгъэм къыщхьэщыжыныращ, зыми лей къытемыгъэхьэнырщ. ГъащIэ кIыхь къагъэщIэну, мылъкушхуэ зраль эфалэIэну, къалысыр зыIэщIамыгъэкIыну - апхуэдэ хьэлэр яIэхэтэкъым уэркъэм. Псалъэ куэдым я тхыдэм къыхэщ мы хабзэм бзэ къэс цIэ зырыз щIIэжщ: «рыцарь», «аристократ» псалъэхэр я мыхьэнгъуэ «уэркъ» псалъэм.

МафIэрыуэ Iэщэр, армэ зэгъэпэщар къыхэзрыкIуэу, уэркъ щэнхабзэр Европэм XV-XVI лIэщIыгъуэхэм щыкIуэдыжащ. Кавказ Ищхьэрэм ар Кавказ зауэм ику пщIондэ щаутIыпщакъым. ЗыплъыхьакIуэхэми жаIэу щытащ: «Кавказыр пасэрей хьэпшыпхэр зыхъумэ музей къудейкъым, атIэ пасэрей хабзэхэм, уэркъыгъэри хэту, я хэщIапIэщ». Урыс генералхэми я цIэ къраIуэу щытащ адыгэ уэркъ щаухэм: ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт Iашэ, Хьэжджерий Кушыку, Хъырщыкъ Алий, нэгъуэщI куэдым. Тырку хэхэсхэм нэхъыбэрэ яхъумащ зи гугъу тщIы зэхэтыкIэр. Иужьрей хьэщIэщыр адыгэ хэхэсхэм щIыззэхущIыжар 2001 - 2002 гъэзэщI. Абы и

«Къэбэрдей-Балъкъэр - 2023»

А фIэщыгъэм щIэт дунейпсо кинофестивалым телъыджэ тхьэмахуэ кIуам Налшык щекIуэкIащ. Урысейм, Германием, Чехием, Великобританием, Къыргызстаним щытраха кинофильм 12 махуищым къриубыдэу къаблэлъэгъуащ, актёр цIэрыIуэхэр зыхэта концертхэмрэ пшыхьхэмрэ цIыхухэр яфIэфIу екIуэлIащ.

ХабЗэ зэрыхъуауэ, фестивалыр къызэIуихри хьэщIэхэр зырызыурэ утыку кьрищащ мы Iэхум и зэхэублакIуэ, Урысейм и кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь Новожилов Сергей.

Ди цIыналъэм и артистхэу Балъкъэр Юрэ, Щэрмэт Людмилэ, Мизиев Таубий, Балъкъэр Тамарэ, Гуаэз Тимур, Кузнецовэ Иринэ сымэщ япэщIыкIэ алэрыбгъу пльыжьым ирагъэкIуар. Абыхэм кьакIэпхыкIуащ ди хьэщIэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым кьрагъэблэгъат куэдым фIыуэ яIэрегъуа, РСФСР-м и цIыхубэ артистхэу Гвоздиковэ Наталъерэ Лужинэ Ларисэрэ, Колосов Максим, Волковэ Екатеринэ, Захаровэ Еленэ, Гущин Анатолий, Шолох Сергей, Хурцилавэ Вахтанг, Онищенкэ Максим, Чахалян Хорен, Яковенкэ Татьянэ, Калининэ Еленэ, Баранчев Пётр, Бобров Александр, Лютая Евгение, Новиков Павел, Савин Сергей, Скрипко Игорь, Молдаханов Сейдулэ, Белорусием кьикIа хьэщIэ Тышко Аким сымэ.

Фестивалыр концерт инкIэ Музыкэ театрым щрагъэжьащ. ФIэхъыс псалъэ гуапэкIэ ар кьызэIуихащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и кьуэдзэ Карчаевэ Iэминат. Абы жиIащ фестивалыр зэрырагъэкIуэкIрэ куэдым фIыуэ яIэрегъуауэ кьахуэмыгъэсу зэрежьэр.

Новожиловым и гъусэу а пшыхьыр ирагъэкIуэкIащ Кьуэшокъуэ Регинэрэ Жанатаевэ Иринэрэ. Абы зыкъыщагъэлъэгъуащ «Кабардинка», «Балкария», «Калписто», «Арабеск» къэфакIуэ гупхэм, ди щIыналъэм и артист цIэрыIуэхэм.

Гвоздиковэ Наталье и ныбжьыр ильэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуам и щIыхькIэ, абы тыгъэ льапIэкIэ хуэмгъуапIэм а махуэхэм утыку кьыщрахьа фильмхэри пщIэншэу щытащ. Мы фестивалым и кьалэн нэхъыщхьэр - ди къэралым щытрах иджырей фильмхэр гъэнаIуэныщ, цIыхухэм абыхэм щыгъэгъуэзэныщ. Гулъытэ хэха хуащIащ хэгъэгухэм щытраха кинохэм, кьыжьIапхъэщ ахэр я фIагъэкIэ кьалэшхэм щытраххэм кьаззрыкIэрымыхуэр. Программэм хэтащ кином япэ лъэбакъуэ хэзычахэм трахахэри режиссёр цIэрыIуэхэм я Iэдакъэщ Iэкlэри.

Кинофестивалыр кьызэIуахащ «Союзмультфильм»-м иужьрей илъэс 20-м щIэуэ триха «Суворов: Великое путешествие» мультипликационнэ фильмымкIэ. Мыр цIыкIуми инми зэхуэдэу ягу ирихьащ.

Балигъхэр дихьэхауэ епльащ Садиловэ Лариса и «Огород» гушыIэ фильмымрэ Кулмендеев Таалайбэч и «Продаётся дом» драмэмрэ.

Урысейм, Германием, Чехием, Великобританием зэгъыгъэу кьыдагъэкIа «Нюрнберг» фильмыр абы епльэхэм кьызэрымыкIуэу ягу зэрырихьам теухуа тхыгъэ зыбжанэ Интернетым дыщрихьэлIащ (режиссёрыр Лебедев Николайщ).

ЕтIуанэ махуэм нэхъыбзу ягъэлъэгъуар щыналъэхэм щытраха фильмхэращ. Якутием щыщ кинорежиссёр Бурнашев Степан и «Наша семья», Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыщ режиссёр Копылов Игорь игъэувэ «Золотая бронза» драмэхэр, нэгъуэщI кинофильм зыбжани а махуэм ягъэлъэгъуащ.

Кинофестивалым и ещанэ махуэм нэхъыбзу ягъэлъэгъуар сабийхэм папщIэ траха фильмхэрщ: «Чинк: Хвостатый детектив» - режиссёрыр Вожакин Григорийщ, Дагъыстэным хьихьэ кьуажэ жьыжьэм щыпсэу щIалэ цIыкIум теухуат режиссёр Габилин Александр триха «Приключения маленького Бахи» унагъуэ фильмыр; гушыIэ дахэ щIэлът Капитонов Иван и «Голова - жестянка» фильмым.

А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм Музыкэ театрым кинофестивалыр зэрызэхуащIыжьым хуэгъэпсауэ щыхэхэта концертым хьэщIэхэмрэ КъБР-м и артист пажжэмрэ чэзуэу утыкум итащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Насып мыкIуэщIыр уи Iэпэгъуну

Дэнэкlи хуэдэу, ди республикэми мы махуэхэм щекIуэкIащ 11-нэ классхэр къэзыуххэм я гуфIэгъуэ зэхьыхьэхэр. Жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызыIэ а Iуэхугъуэхэм ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ нэмыщI, жыджэру хэтащ адэ-анэхэр, щIыпIэ унафэщIхэр, нэхъыжьыфIхэр.

АПХУЭДЭ гуфIэгъуэ зэхьыхь гуапэхэр щекIуэкIащ Шэджэм щIыналъэм хьихь Нартан адыгэ къуажэшхуэми. Абы дэт курыт школ №1-р фIы дыдэу мы гъэм къэзыуха ныбжьыщIэхэм ящыщщ Ныр Эвелинэ. Еджакlуэ нэхъыфIхэм халъытэу школым щIэсащ пщащэ цIыкIур. Ар дапщэщи жыджэру хэтащ еджапIэм, щыналъэм, республикэм къыщызэрагъэпэщ олимпиадэхэм, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным ехьэлIа Iуэху псоми жэуаплныигъэ зыхищIэу бгъэдэта Эвелинэ зэфIиха лэжьыгъэхэм яхуэфащэн хъарэ гулъытэ лъагэ игъуэтащ. Абы хуагъэфащащ курыт щIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъым щыхьэт техъуэ дэфтэр лъапIэхэр. Апхуэдэхэщ аттестат «плъыжьымрэ» «Едэжным щызыIэригъэхьа екъуэлIэныгъэ лъагэхэм папщIа» псалъэхэр зытет дыщэ медалымрэ, Щыхь тхылъри ящыгъужу. Ахэр Ныр Эвелинэ пщIэ хуащIу утыкушхуэм щратыжащ Шэджэм щыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и дзIэпыкъуэгъу Сэбан Заурбэчрэ пщащэр зыщIэса курыт школым и унафэщI Щоджэн Русланрэ. КьулыкъущIэхэр гуапэу екъуэхъуащ гъащIэ гъуэгум теува ныбжьыщIэм, екъулIэныгъэ зыIэригъэхьэу. Ди тхыгъэр зытеухуа Эвелинэ зэрысабийрэ гъуэзджэм дихьэхыу кьэхъуащ, Нартан кьуажэм Щэнхабзэмкlэ и уардэунэм кьыщызэрагъэпэща «Вагъуэ цIыкIу» кьэфакIуэ ансамбль цIэрыIуэм хэтащ, ди къэралым и щIыпIэ куэдым зыкьыщигъэлъэгъуащ, текIуэныгъэ инхэр кьыщихьу. Иджы пщащэм курыт щIэныгъэ зригъэгъуэтащи, адэкIэ и мурадщ архитектурэмрэ хуэзыныгъэмрэ епха Iэщ Iагъэм хуеджну.

Эвелинэ фIыщIэ ин яхуещI фIыуэ илъагъу и адэ-анэм, и шыпхъу нэхъыжьхэм, дапщэщи кьызэрелIалIэм папщIэ. Кьинэмыщ Iауэ, псалъэ гуапэ куэд хужеIэ апхуэдизу илъэскIэ унэтIакIуэу, гъуэгугъэлъагъуэу кьыбгъэдэта и класс унафэщI Мэшыкъуэ Алёнэрэ щIэныгъэм и лъагъуэм тезыгъуэва егъэджакIуэ гумызагъэхамрэ.

Лъэпкъ гъэсэныгъэ дахэрэ щIэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъу балигъ гъащIэм хьихь Ныр Эвелинэ, щIалэгъуэ ныбжьым ит дэтхэнэми хуэдэу, мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ и куэдщ. Адыгэ пщащэ дахэм дохъуэхъу зыхуей псоми и Iэр техуэну, еджэным щызыIэригъэхьа текIуэныгъэхэр гъащIэм дяпэкIэ щиIэну екъулIэныгъэщIэхэм я пщIэдзэ хьуну. Эвелинэ курыт школыр мы гъэм кьэзыуха, лъагапIэщIэхэр зи пльапIэ адрей ныбжьыщIэхэми гъащIэм фи ныбжьэ щывгъуэтыну, гупсысэ IущIэр зи лъабжьэ Iуэху екIу куэд зэфIэфхыну, насып мыкIуэщIкIэ, екъулIэныгъэ лъагэкIэ гъэнщIа илъэсхэр ефхъэкIыну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Щалэгъуэ

ЗэIущIэ щхьэпэхэр

Бахъсэн щIыналъэ администрацэм щIалэгъуалэм ядэлэжьныпэ спортымкIэ и цыдамэм Кьыщхэ къуажэм щригъэкIуэкIащ районым ис щIалэгъуалэм я фестиваль.

КУРЫТ еджапIэм къыщызэрагъэпэщат акъыл жанагъым, спортым, макъамэ Iэмэпсымэхэм хуэхаха утыкуэхэр. А махуэм кьуажэдэс щIалэгъуалэр жыджэру хэтащ районым ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэм кьадиIыгъыу кьызэрагъэпэща тхыдэмкIэ викторинэмрэ творческэ лэжьыгъэхэмрэ.

Фестивалым хэтыну кьызэхуэсахэм Бахъсэн кьалэ администрацэм кьыбгъэдэкIыу псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Оганезовэ ФатIимэт.

- Нобэ гъащIэм и лъэныкъуэ псори хуэныкъуэщ акъыл жанрэ щIэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъ, сыт хуэдэ Iуэхуми жэуаплныигъэ яхэлъу бгъэдыхьэ икIи щыIэ Iэмалыщ Iэхэр купщафIэу кьэзыгъэсэбэпыф щIалэгъуалэ зэчифIэхэм. Къэгъэтыгъейщ иджы хуэдэу абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи хуитныныгъэ щагъуэта зэман - фи щIэныгъэм хэвгъахъуэ, жылагъуэ гъащIэм жыджэру фыхэт, мамырыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ фателажьэ, зэманым кьыдэкIуа щIэрыщIагъэхэмрэ зэхъуэкIыныгъэфIэхэмрэ защыгъэгъуазэ, фи лъахэм и зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыкъуэфщIыным фыхэт, сыту жыпIэмэ кьэкIуэнур зейр фэращ, - жиIащ абы.

Iуэхум хэтахэр зэрызэпеуа лъэныкъуэ псори къапщыта нэужь, пашэныгъэр хуагъэфащащ Кьулъкъужьм Ищхъэрэ кьуажэм и гупым, етIуанэ увыпIэр ХьэтIохъущыкъуей жылэм и командэм, ещанэр Къубэ-Тэбэ кьикIа ныбжьыщIэхэм лъагъэсащ. ТекIуэхэм ираташ щIыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ.

Кьыщпэк кьуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм а махуэ дыдэм щызэхэтащ «Губгъуэ кьабзэхэмрэ блын кьабзэхэмрэ» фIэщыгъэм щIэт республикэпсо акцэ. Районым ис щIалэгъуалэм яIущIащ щыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядэлэжьныпэ Iулъхьэм пэщIэтныныкIэ и къуэдзэ Тохъутэмыщ Мухьэмэд, Медицинэ профилактикэмкIэ республикэ центрым и дохутыр психиатрхэмрэ наркологхэмрэ - ПащIэ Артурэ Лобжанидзе Анзорэрэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ управленэм и лжьакIуэ пашэ Албот Людмилэ. Ахэр тепсэлъыхьащ нобэ кьежьа синтетикэ наркотикхэм цIыхум и узынщагъэмрэ и гъащIэмкIэ яIэ шынагъэм, наркотикыр зэзыхьэлIэхэми зыщхэми къапэплъэ тезырхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Зыгъэхьэзырыныгъэм щIадзэ

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым и «Б» зонэм тхьэмахуитI дэкIмэ зэхьэзэхуэм щыщIидзэнущ. Абы и пэ къихуэу командэхэм абы зыхуагъэхьэзырын ирагъэжьащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ (июным) и 10-м Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым 2022 - 2023 гъэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэр кьезыхьэлIа «Спартак-Налшыкым» иубыда еянэ увыпIэм арэзы къищIар мащIэщ. Абы кьыхэкIыу, зэрызагъэпсэху щIагъуэ щымыIэу, гупыр кьызэхуэсыжащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм зыгъэсэнтыгъэхэр щыщIадзащ.

Мыгувэу зэхаублэну зэпеуэр блэкIам зыкъомкIэ кьыщхьэщыкIынущ. Къапщтэмэ, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупыр иджы зонитIу ягуэшащ - «А»-рэ «Б»-уэ. Дэтхэнэми командэ блырыбл хэтыну хуагъэфащэ, щIыпIэкIэ нэхъ зэпэгъунэгъуэхэр зэгъуэсу. «Спартак-Налшыкыр» зыхэхуар «Б» зонэращ. Абы ГъусэкIыщхьэхъуэщащ «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ), «Алания-2» (Владикавказ), «Астрахань» (Астрахань), «Легион» (Мэхъэчкъалэ), «Победа» (Хасавюрт), «Динамо-2» (Мэхъэчкъалэ) командхэр. Ахэр тIорытIэ (я стадионымрэ хьэщIапIэмрэ) щызэдэджэгунущ.

Жэпуэгъуэ (октябрь) мазэм ирихьэлIэу наIуэ къэхъунущ зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ Iыхьэм кьрикIуахэр. Гупитlым япэ увыпIищыр къэзыхьэр гъусэ зэхуащIыжьынурэ, адэкIэ щIэбэныну етIуанэ лигэм и Буфер зонэм и «дыжьын» дивизионым кIуэну командэ закъуэр зэхэгъэкIыным. Мыхэри тIорытIэ зэдзджэгунущ.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, зэхьэзэхуэм бадзэуэгъуэм и 16-м щIидзэнущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» и стадионым кьыщригъэблэгъэнущ Владикавказ и «Алания-2»-р.

Адрей «А» зонэм хагъэхьащ «Севастополь» (Севастополь), СКА (Дон Iус Ростов), «Биолог-Новокубанск» (Прогресс), «Рубин» (Ялтэ), «Кубань-Холдинг» (Павловскэ), «Дружба» (Мейкъуаепэ), «Динамо» (Ставрополь) командхэр. Абыхэми зэхьэзэхуэм бадзэуэгъуэм и 16-м щIадзэн хуейщ.

Мы зи гугъу тщIа псори кьызэтрикъуэтэжьфынущ Iыхьмым щыщ гупхэр зэпеуэм кьыхэгъэхьну яжь зыщIам. Урысей Футбол Зэгухьэныгъэр 2014 лъандэрэ хущIокъу апхуэдизу ищIыну, арщхьэкIэ Европэмрэ Дуней псомрэ я топджэгу союзхэм кьызэпаудэ, итIанэ я зэпеуэхэм ди къэралым щыщ командхэр хамыгъэхьэну кьыхуагъэдалъэурэ. Нэгъабэ и мазае (февраль) мазэм дзэ Iуэху хэхахэр Украинэм зэрыщызэхиублам кьыхэкIыу Урысей Федерацэм и спортсмен псори (топджэгуэрэн хэту) дунейпсо зэхьэзэхуэм кьыхагъэкIащ. Зэрыщытым нэхъ Iей хъунукъым жаIэу иджы тегушхуауэ арагъэнщ, Кьрымым и командхэр ди къэралым щекIуэкI зэпеуэхэм хагъэхьэну. Абы кьикIыну зэхэкIыплакъым, УЕФА-мрэ ФИФА-мрэ ерыщу нобэми къаззэрыпэщIэтыр къэплъытэмэ.

Зыгъэсэныгъэхэр езыгъэкIуэкI «Спартак-Налшыкым» щэбэт кIуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ щыдригъэкIуэкIащ Мэхъэчкъалэ и «Легион»-м. Абы хьэщIэхэр 1:0-у щытекIуащ. Налшыкдзэхэм я щыхьыр а махуэм яхумащ Сиукаевым, КIэдыкIуейм, Далиевым, Белоусовым, Молэмусэм, Наршаоувым, Торосян, ХьэщIыкIум, Къумыкъум, Жангуразовым, Селяевым, ЛIыхъугум, Топурие, Хьэшырым, ЛIупым. КIыщынэмыщIауэ, джэгуПIэ губгъуэм кърагъэхьащ зыкIэлъыплъыну къэрагъэблэгъа футболистих.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Зы махуэкIэ пхуэгъэбелджылынукъым

● ЩIэблэ

Налшык, Пщыгъуэ Жаннэ зи унафэщI прогимназие №31-м, егъэджакIуэхэм папщIэ полилингвальнэ семинар щрагъэкIуэкIащ. Абы щылажьэхэр къекIуэлIахэм ечэнджащ дерсхэр зэрырагъэкIуэкI Iэмалхэмкlэ, сабийхэр къызэрыдахьэххэмкlэ, я ехъулIэныгъэхэмкlэ. Полилингвальнэ гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ республикэм и сабий садхэм щрагъэкIуэкI илъэс кIуам и фокIадэ лъандэрэ.

ДЕРСКЭР урысыбзэкIэ ирагъэкIуэкI, ауэ цIыкIухэр пщIантIэм джэгуну кьыщыщIашым, щэджагъашхэ щрагъэщIым деж анэдэлъхубзэкIэ йопсалъэ. Зи гугъу тщIы прогимназием апхуэдэ щыкIэхэ сабийхэр щагъасэ гупитIым. «Дыгъэ щIыр» («Солнышко») гупым урысыбзэм нэмыщI адыгэбзэкIи щадолажьэ я гъэсакIуэ Джэдмыших Светланэ. «Унэ цIыкIу» («Теремок») гупым балъкъэрыбзэр ирегъащIэ Чочаевэ Залинэ. Абыхэм сабийхэм урысыбзэм кьыдэкIуэу адыгэбзэри балъкъэрыбзэри яIуриIуу ягъасэ. ЕтIанэгъэ иджыри полилингвальнэ гуп зыбжанэ кьызэрагъэпэщыну я мурадщ.

«ТауриХъым деж - хьэщIапIэ» фIащащ прогимназием и гъэсэн цIыкIухэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм. Джэдмышых Светланэ и гъэсэн цIыкIухэм джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьагъэлъэгъуащ, уэрэдхэмрэ усэхэмрэ жаIащ, теплъэгъуэ гъэщIэгъэнхэми я бзэр щагъэшэрыуащ.

Щхьэхуэу зыкъагъэлъэгъуащ балъкъэрыбзэкIэ зыдэлажьэ сабийхэми.

- Сабий садым цIыкIухэм и бзэр щызэтеувэн щIедзэ-арлъабжьащ. Дэри ар къэдгъэсэбэныпхъэщ. Мы Iэмалым зэгъуэсу дегупсысын, делэжьын хуейщ. ЗыщIыпIэ деж зыгуэр щызэтхъуэкIми арэзы дыкъэзыщI Iыхьэхэр кьыхэдгъэщхьэхуКIми дызэрыщIэнщ.

Мыр зы махуэкIэ пхуэгъэбелджылыну Iэхуэкъым, лжьыбгъэшхуэщ, зэмани гуащIи хуэныкъуэу, - жиIащ КъБР-мегъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор.

ГЪУЭТ Синэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьэбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; эдэхкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхуэщ Iэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.576
Заказыр №1421
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъам.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня,** *корректорхэу* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Къарей Элинэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.